

Avantaj WIC & SNAP

Pwofite Ak Anpil nan Resous Manje ak Nitrisyon nou yo



WIC ak SNAP toulède ofri benefis manje chak mwa ki ede w bay fanmi w manje epi ede w atenn objektif nitrisyon w yo! Si w ap resevwa avantaj nan youn oswa toude pwogram sa yo, gen kèk bagay ou ka fè pou asire ou ap pi byen pwofite avantaj ou yo pwochen fwa ou al achte pwovizyon yo.

Anvan w achte

- ✓ Lè w ap fè lis makèt ou a chak semèn, òganize l pandan w ap mete ki manje ou ka achte avèk WIC ak ki manje ou ka achte ak SNAP. Ou ka verifye avantaj WIC ki rete yo sou aplikasyon mobil WICShopper pou w ka jis sèten!
- ✓ Ale nan biwo sèvis kliyan an oswa nenpòt anrejistremant pou lajan kach nan magazen an pou verifye balans benefis WIC ou, si ou pa gen yon esmatfòn.

Pandan ou Pral Achte

- ✓ Si w pa sèten si WIC-apwouve yon atik, eskane l pandan w ap itilize Aplikasyon WICShopper a.



Verifye lè w ap soti

1. Mete tout atik ou yo ansanm, nan nenpòt lòd, sou kontwa kesye a. *Remak: Nan ti boutik ou fè pwovizyon (ki gen 1 jiska 2 anrejistremant lajan kach) ou bezwen separe lòd yo.*
2. Bay kesye a kupon ou epi/oswa kat pou ekonomize nan magazen anvan.
3. Lè kesye a di w, *pase kat WIC lan anvan*, epi APRESA pase kat SNAP ou a.
4. Pou fini, pa bliye achte tout manje WIC ou yo anvan peryòd avantaj ou a ekspire, paske yo p ap travèse sou pwochen mwa a! Avantaj SNAP yo rete sou kont la pandan 365 jou.



Peye pwovizyon w yo avèk WIC ak SNAP se yon bagay ki senp. Annik sonje pou toujou pase kat WIC ou an premye, epi APRÈSA pase kat SNAP ou!

Avantaj WIC & SNAP

Lè w sèvi ak WIC ak SNAP ansanm ap li bay fanmi ou yon pi gwo varyete manje ki bon pou sante a chak mwa, paske gen diferans nan manje ou ka achte ak chak pwogram.

Kite WIC ak SNAP pwolonje bidjè manje ou ansanm!

Kisa WIC Ofri?

- Lèt, fwomaj ak Yogout
- Sereyal Cho oswa Frèt
- Grenn Antye, tankou pen, diri, pat ak tòtiya
- Manba, pwa, ze, ak tofou
- 100% ji fwi ak legim
- Manje pou timoun
- Pwason nan konsèy pou kèk kategori patisipan
- \$ pou fwi ak legim ki fre, glase oswa nan konsèy.

Kisa SNAP Ofri?

Ou ka achte pifò manje debaz yo nan makèt la lè l sèvi avèk SNAP, tankou manje debaz yo prepare anjeneral lakay, epi yo manje moun pran kòm yon repa.

Itilize kat SNAP ou pou achte manje ou pa kapab achte avèk WIC. Pami kèk egzanp nou jwenn lwil pou kwit manje, epis, engredyan boulanjri, ti goute ki bon pou lasante, vyann ak manje pou mete nan frizè.

Itilize WIC pou achte kalite manje sa yo



Itilize SNAP pou achte kalite manje sa yo



Kòman aplikasyon WICShopper mobile kapab ede w?

Aplikasyon mobil WICShopper se pi bon fason pou suiv avantaj manje chak mwa ak randevou WIC ou, ansanm ak:

- Verifye ki manje ou rete pou achte pandan mwa a.
- Eskane manje an nan magazen pou detèmine si ou ka achte atik yo.
- Chèche konnen kote boutik WIC ki otorize yo ye
- Jwenn repons pou kesyon nitrisyon enpòtan pou fanmi ou.
- Eksplòre anpil resèt ki gen bon gou, epi ki pral ede w sèvi ak manje ki bon pou lasante ou te achte yo.
- Jwenn alèt enpòtan konsènan COVID-19 ak lòt sijè aktyalite.



Aplikasyon WICShopper a disponib pou iPhone ak telefòn mobil Android.



Enstitisyon sa a ofri tout moun opòtinite egalego.

